

RINGKESAN

Tujuan tina panalungtikan ieu nyaeta: (1) Pikeun mikanyaho pembelajaran daring kucara *google classroom* dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS 1 SMA Negeri 17 Kota Bandung; (2) Pikeun mikanyaho hasil diajar siswa dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS 1 SMA Negeri 17 Kota Bandung; (3) Pikeun mere informasi ngeunaan pangaruh pembelajaran daring kucara *google classroom* kana hasil diajar siswa dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS SMA Negeri 17 Kota Bandung. Pawarekan anu digunakeun dina pananglutikan ieu nyaeta kuantitatif ngaliwatan metode survey jeung teknik ngumpulkeun data mangrupa angket jeung soal tes sarta teknik ngolah data kucara ngagunakeun bantuan aplikasi pangolah data *SPSS* jeung *Microsoft Excel*. Hipotesis dina pananglutikan ieu nyaeta “Ayana pangaruh pembelajaran daring kucara *google classroom* kana hasil diajar siswa dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS 1 SMA Negeri 17 Kota Bandung”. Hasil tina panalungtikan ieu ngasilkeun: (1) Pembelajaran daring kucara *google classroom* dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS 1 SMA Negeri 17 Kota Bandung dikategorikeun alus pisan nu bobot skor na 4.42; (2) Hasil diajar siswa dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS 1 SMA Negeri 17 Kota Bandung dikategorikeun alus, hasil rata-rata nilai ulangan poean sub pokok ilmu ekonomi nyaeta 95 atawa 3.80; (3) Hasil anu dilakukeun dina panalungtikan ieu aya pangaruhna pembelajaran daring kucara *google classroom* kana hasil diajar siswa dina pangajaran ekonomi sub pokok ilmu ekonomi di kelas X IIS SMA Negeri 17 Kota Bandung nyaeta 22.8%

Kosa Kecap: Pembelajaran Daring, Hasil Diajar